



Depatman Aprantisaj Pwolonje rekonèt tout timoun ta dwe genyen aksè ak bon kalite pwogram gadri. Pi ba a yo bay opsyon ki kapab diminye enpak depans gadri pou fanmi yo. Nou ankouraje w pou w revize resous sa yo pou detèmine nenpòt sa ki disponib pou ede w fè ekonomi

Sèvis Taks ak Enpo sou Revni (**IRS**)

Si w peye yon moun pou pran swen yon timoun, mari/madanm, oswa depandan, ou kapab diminye taks ou lè w reklame Kredi Swen Timoun ak Depandan an nan deklarasyon taks sou revni federal ou.

Ale nan www.irs.gov chèche “*Child and Dependent Care information*”

Kont Depans Fleksib

Kont Depans Fleksib pèmèt yon anplwaye mete yon pati nan salè li pou peye pou depans ki kalifye, pi souvan pou depans medikal men souvan pou swen depandan oswa lòt depans. Yo pap pran taks sou lajan yo retire nan salè yon anplwaye pou mete nan yon kont Depans Fleksib (FSA), sa lakòz yon ekonomi taks sibstansyèl.

Pale ak anplwayè w pou w konnen si opsyon sa a disponib.

Nòt pou Anplwaye Distri Lekòl yo: Si w se yon anplwaye nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la epi w enskri nan Pwogram Benefis Anplwaye a, ou kapab chwazi pou w patisipe nan FSA Distri a. Ou dwe poze Sèvis Kliyan FBMC kesyon espesifik sou Kont Depans Fleksib (FSA).

- Ale nan www.myFBMC.com oswa,
- Rele 1-800-342-8017 (lendi - vandredi, 7 a.m. - 10 p.m.) oswa,
- Rele 1-800-865-FBMC (24 sou 24)

Early Learning Coalition

Yo te idantifye “The Early Learning Coalition” (ELC), yon òganizasyon san pwofi 501 (c)(3) kòm ajans santral nan Rejyon Palm Beach la ki responsab pou bay fon sibvansyon pou gadri. Pou w kapab aplike pou sèvis gadri sibvansyon ale nan <https://www.elcpalmbeach.org/school-readiness> oswa rele (561) 514-3300.